


# KUDZIKINURWA KWAKAZARA

 Ndanga ndisiri kunyatsa kuziva kuti ndichataura kuti kudii mangwanani ano. Ndanga ndigere kumashure uko neHama Egan, zvino ndanzwa...Hama Neville vanga vari kutaura chimwe chinhu, uye vakatarisa kwandiri. Zvino ndikati kuna Hama Egan, “Vari kundishevedza here?”

Zvino vakati, “Vari kudaro.”

<sup>2</sup> Uye hezvino ndiri kumusoro kuno kuzotaura chimwe chinhu mangwanani ano. Ndanga ndiri kufunga, pandanga ndiri...Chifefedzo icho, apo pavari...chinotora inzwi, chinoita sekunyatsoridhonzera kunze chaiko, paunenge uchitaura. Zvinoita sekunge chifefedzo chinonyatsotora inzwi robva raenda.

Ndanga ndiri kunzwa kudaro...chapupu pandanga ndiri mukati umo kunamatira mumwe mudzimai pafoni. Zvino uyo awana shoko racho, akanganwa kuisa guta rekufonera, kubva kumudzimai waChiremba Morrison. Zvino ndichangokuudzai zvandaita, kumunamato wenyu mese, newangu. Ndaisa maoko pafoni, ndokunongedza kunhamba yacho, chero kwayaiva, ndokukumbira Mweya Mutsvene kuti aende kumudzimai. Saka ndinofunga kuti Anongozvinzwa zvakafanana nezvaAiiita kuri kuti dai tainge...Maona? Zvino ndangoisendeka pasi. Uye zvinogona kuti ndiyo nzira iyo Ishe vanga vachida kuti zviitike nayo. Maona? Zvinogona kunge zvaizove nani saizvozvo.

<sup>3</sup> Uye zvadaro ndanzwa zvapupu pandanga ndiri imomo, pamusoro pemumwe munhu achiti Hanzvadzi Rook vanga... Ndinotenda kuti Hama Neville vati vakanga vambovhi—vhiringika pfungwa, sokudaro. Ngatibatirirei pana Mwari kuitira izvozvo, tichingorangarira chinhu chimwe chete ichi: Mwari vanoziva vaVo pachaVo. Vanoziva zvese pamusoro pavo.

<sup>4</sup> Muri kunzwa zvakana here kumashure uko? Kana musiri, pane zvigaro zvisina vanhu kumusoro kuno. Munogona kuchinja kana muchida. Zvino, ngationei, *iyi* ndiyo maikirofonu huru yacho here? [Imwe Hama inoti, “Kwete, changamire.”—Mupepeti.] Iyi iri nechekuno *uku* ndiyo maikirofonu huru yacho? Zvakana. Tichaona kana tichikwanisa kuiswededza pedyo zvishoma. Ko tikati nechepano apa, Gene? Zvinenge zvakanganaka. Uye dzimwe nguva ndinoita sekushoshoma zvishoma; ndanga ndiri kuparidza kakati kuti. Zviri nane here izvo? Mava kunzwa izvi zviri nane here?

<sup>5</sup> Zvino tinorangarira kwazvo ivava mumunamato. Uye tinoda kupa nhoroondo yemusangano wakaisvobwinyiswa kubva zasi ku... .

Ndakatarisa pana Hanzvadzi Rook here? Ndafunga kuti ndakatarisa kune mudzimai shure uko anoratidzika saivo. Ndafunga, “Zvokwadi handisi kutaura zvakapetwa kaviri pano.” Ndakatarisa mumwe munhu akafanana navo, nechekumashure. Vari muSaint Edward’s Hospital.

<sup>6</sup> Zvino saka, kuCleveland, Tennessee, uyewo muCalifornia, takava nemisangano yakabwinyiswa. Ishe vakaropafadza zvikuru, nezvinhu zvakawanda zvaVakaita. Uye tinofara nokuda kwaizvozvo. Tinofara kuti tinokwanisa kudzoka kune vokwedu, tichipa umboo hwekunaka pamwe netsitsi dzaMwari. Ndiyo nzira yavaiita nayo muBhaibheri.

<sup>7</sup> Ndanga ndiri kuyemura Hama Neville, kana kuti munamoto waHama Beeler, kunamatira kwavaita vanhu, ne—nekukumbira rubatsiro netsitsi. Zvino kana tikangotarisa tichienda, iwe nguva dzose, zvinhu zvese zvinoitika, unoona kuti pane chimwe chinhu chechokwadi pamusoro pazvo. Uye zvadaro Hama Neville pavauya ndokuunza madhikoni aya, nevakadaro, kumusoro kuno kupuratifomu, ku—kuzotaura maropafadzo aMwari pamusoro pe—pemupiro wekereke, ndavanzwa vachitaura mumunamoto wavo kuna Mwari, pamusoro pevarume ivavo, kuti vanonamatirana zvakadini. Zvino izvozvo zvinonditira zvakanaka kunzwa mufudzi anokwanisa kunamatira madhikoni ake, uye madhikoni achinamatira mufudzi wavowo zvakare. Kana mukaona kereke ichipinda mumushandira pamwe saizvozvo, zvinoka, chimwe chinhu chave kuda kuitika. Ndiwo hurongwa uhwo kereke inofanira kuva mahuri. Zvino zvandipa pfungwa yemusoro wechidzidzo. Ndanga ndiri kuzotaura pamusoro peropafadzo paKadheshi, pamwe nezvekuramba kuteerera umboo hwevatsori, asi ipapo ndazoshandura pfungwa yangu, kune chimwewo chinhu zvakare.

<sup>8</sup> Uye zvino, pamusoro pekupodzwa, ndingori nechapupu chidiki chandinoda kupa. Ndanga ndiine tariro yekuona mwanakomana wangu, Billy, kumashure uko, asi anacho muhomwe yake.

Zvino Billy ari kuita zviri nani mumisangano, kudarika zvaaimbova. Aihuta-huta, asiri kufara, uye aiita sokuudza vanhu, “O, endai munogara pasi. Endai munogara pasi.” Oti, “Ndicha—ndichakupai kadhi remunamoto.” Asi ndakacherechedza, nguva shoma yapfuura, pari kuita vanhu mumusangano vaanongonzwira urombo kwazvo. Kana asisina makadhi omunamoto anenge asara, zvadaro anovaisa mune imwe kamuri kuti ndigone kuenda kunovanamatira.

<sup>9</sup> Zvino chinhu chakadaro chakaitika kuChicago, nguva yapfuura. Uye ndinoda kuverenga tsamba iyoyo kana achinge apinda. Handina kumbomuona. Haana kuziva kuti ndanga ndiri kuuya mangwanani ano, iko kuno, uye—uye ndozoda—ndozoda tsamba iyi. Asi ndangofunga nezvayo pandafunga

nezvehurwere uhwu hwakawanda. Zvino heinoy yazviri. Itsamba yakasimbiswa zvokuti. . .

Ndanga ndiri kuverenga mubepa, (Handina kumbobvira; ndaudzwa) kuti pane mapepa paari kushoropodza Oral Roberts, nekuda kwekunamatira mudzimai aiva nechirwere cheshuga zvino ndokufa. Uye ini, zvino, semunhu wemuAmerica, Ndi—ndinoda kuteerera kumitemo ne—nemunhu ane hutongi. Asi handifunge kuti izvozvo zvakarurama. Handizive kana vachibvuma kuisa, mubepa, vese avo vakanamatirwa naOral Roberts uye vakapora, avo vakanga varambwa navanachiremba. Handizive, vakambozvipindurudzawo kamwe chete, munooni. Havangambozviita. Uye ipapo ndinofunga kuti pamwe dhiyabhorosi akangovavhiringidza saizvozvo, zvokuti, uye Mwari vachizvitendera, kuitira kuti neZuva reKutongwa vachazvipindirira. Asi ndinoziva pamusoro pezviuru zvevanhu vakanamatirwa naOral Roberts, vakanga vave kufa, uye vakapora.

<sup>10</sup> Saka, munooni, ivo, havasi kuenzanisa pamusoro pazvo. Vanoburitsa divi ravo, divi rekutsoropodza, asi havaratidze rimwe divi racho. Zvino, bepanhau rinofanira kuchengeta vanhu vachiziva zvinhu zvinoitika. Zvadarwo ndinofunga kuti, kana vanhu vaine hanyi'a mumwe kune mumwe, kana mumwe munhu akapora, kunyatsa kupodzwa, bepanhau rese remuUnited States rinofanira kutakura nyaya yacho. Asi haukwandise kuvapa basa rekuti vazviite. Kwete. Ukatora chimwe chinhu chakaita saichocho ikoko, vanopfipfidza nokuzviseka izvozvo, vozvidzoserwa. Asi zvino kana paine chekutsoropodza. . . Zvinongoratidza kuti nyika ino yagadzirira kutongwa. Chaiwo. Uye panofanira kuva nekutongwa, uye hapana nzira yekuzvipunyuka. Uye vari kungozviunganidzira moto pamisoro yavo, nezvakadaro. Uye kwakadaro ku—ku. . . kusabatana, pazvitevedzwa! Rimwe bepanhau, zvitevedzwa zvaro, ku—kuzivisa vanhu pamusoro pechero chinhu chakanaka kana chakaipa, chiri kuitika. Asi vava kure nezvitevedzwa zvavo. Zvino kana vava pazvitevedzwa zvavo, zvadarwo ivo—ivo havazozadzisa donzvo ravo zvakanaka.

<sup>11</sup> Zvino ndiyo nzira imwe chete yazviri nekereke. Kana kereke yabva pazvitevedzwa zvayo, haimbokwanisa kushumira vatsvene zvakanaka. Tinofanira kugara pamwe chete, tinofanira kunge takabatana. Tinofanira kuva nomoyo mumwe chete muhumwe. Kana kuti, hatimbobvira takashumira Mwari kana vanhu, kunze kwekunge tiri nomoyo mumwe chete uye muhumwe, kumira nezvitevedzwa zveBhaibheri nezvinhu izvo zvakanzi naMwari ndizvo zvakananira. Tinofanira kugara tichimira nazvo.

<sup>12</sup> Billy akapinza mukamuri, kuChicago, iye. . . Mumwe munhu akauya kwaari, mumwe mudzimai nemurume wake, aine kenza mumapapu, ari kufa. Zvino mudzimai wake aiva akabatwa

neporio ari muwhiricheya, uye mudzimai achiedza kutarira murume anga achitotadza kumira, aine kenza mubapu rake. Zvino Billy akati kumurume, akati, “Ndi—ndine urombo, changamire.” Akati, “Ndingadai ndakupai kadhi romunamato nemufaro.” Uye akati, “Asi ha—handichisina rimwe rasara.”

<sup>13</sup> Zvino iye akati, “Saka, zvakanaka, mwanakomana.” Akati, “Zvakanaka.” Ndokuti, “Taedza kuuya kuno, asi zvatinetsa kwazvo.”

<sup>14</sup> Billy akati, “Regai ndikuudzei zvamuchaita.” Akati, “Ndave kunotora baba. Zvino ndiri kuzovaunza muno, uye ndovaburitsa.” Uye ndokuti, “Pandinodaro, pamunongonzwa Mharidzo yavo,” akati, “ipapo torai wenyu...kana kuti mudzimai wenyu pamwe nemi, mupinde mukamuri diki iyo yandinopfuura nemairi, uye ndichavaita kuti vakunamatirei.”

<sup>15</sup> “Oh,” akati, “ndokuvimbikaka uku, mwanakomana. Zvakanaka hazvo zvakadaro.” Maona? Pane—pane maonero. Maona? “Zvakakwana. Zvakaringana.” Maona?

<sup>16</sup> Zvino husiku ihwohwo, Billy, paakaenda shure ikoko, zvakadaro achipesana nezvaanga ataura, kuti aiva natsano vake vaiva vachirasikirwa neropa uye neropa raibva mumapapu. Uye mudzimai watsano vake ipapo, airasikirwa neropa kubva mudumbu make, aine maronda emudumbu, zvakare vakanga vauya navo, zvakaita sekurerekera kudivi rekuvabatsira kuti vapinde. Unofanira kungwarira, panozova nekamuri yese yakazara, munoono. Asi mukuenda nemo nokuvanamatira, takawana tsamba yakadzoka, kubudikidza neposvo, kuti murume uya akapodzwa zvizere kubva kukenza yemapapu ake. Mukadzi, mudzimai wake aive muwhiricheya, akasimuka, ari kungoenda zvakanaka semazuva ese sezvaainge ambova. Murume aibuda ropa re—remumapapu, nekuda kweTB, akapora zvachose. Uyewo mudzimai wake akapora kubva kumaronda emudumbu. Vese vari vana vakapodzwa, chaizvoizvo! Handizive kana mapepanhau achibvuma kudhindha ivozvo. Maona? Maona? Maona? O! Asi Mwari vachiri Mwari. Vanongoita zvinhu nenzira yaVo pachaVo, munoziva, uye Vakaisvonaka. Tinofara kwazvo kuziva kuti iVo ndiMwari.

<sup>17</sup> Tainge tiri kutaura mamwe mangwanani pamusoro pemumwe muparidzi mudiki watinoziva, aisimbotenderera, achinamatira varwere nazvese. Zvino akaenda kunonamatira mumwe munhu muchipatara kuLouisville, aine dambudziko reTB, mudzimai wacho akafa. Muchinda mudiki akati, “Zvakanaka, hapana chikonzero...Mwari havasi... Hakuna Mwari. Angadai Akachengeta Shoko raKe.” Akati, “Ndakamuzodza sezvaka—sezvakangotaura Bhaibheri. Kana Akasachengeta Shoko raKe, haAsi Mwari.” Akati, “Rinongova bhuku haro.”

18 Zvino, zvaigona kuratidzika saizvozvo kunze kwekunge uchiziva Mwari. Izvozvo chikamu cheMagwaro, asi harisi Gwaro rese. Zviri maererano nekutenda kwemunhu wacho. Maona?

19 Zvino ndakaudza mudzimai wangu, ndikati, “Pane zvinhu zvakawanda zvakaitika, zvandinongoziva kuti zviripo. Handizive zvichaitika kwandiri kumagumo. Ndinogona kuenda nenzira imwe chete. Kana Mwari vakangobvisa ruoko rwaVo rwetsitsi kubva pandiri, ndichaenda nenzira imwe chete. Asi chero bedzi vakachengeta ruoko rwaVo rwetsitsi nekutungamira pandiri, ndichaenda mberi.” Asi ndakabvunza Meda, ndikati, “Ndiani aiva mukamuri mangwanani aya mushure mechiratidzo chekuona musikana wangu mudiki, Sharon?”

20 Gara zviya, rimwe zuva, ndakapotsa ndafenda. Ndaiva ndakagara pamugwagwa. Zvino munoziva nyaya yangu yechiratidzo chake, shure kwacho. Zvino ndakatarisa, ndokuuya nekurutivi rwangu, zvino kwakakuya musikana wechidiki achidzika nemugwagwa muno muJeffersonville, ainge akaita chaizvo sechiratidzo chiya. Ndakatoita zvekutogumbata maoko angu pamwe chete. Akaita chaizvo sechiratidzo chaSharon wangu mudiki! Aiva mudzimai wechidiki ipapo.

21 Zvino mushure mechiratidzo ichocho magwanani iwayo, apo muKubwinya, ini. . . Hope aindiudza, aive akandimbundira neruoko rwake pabendekeke rangu, achiti, “Usanetseke pamusoro pedu, Bill. Zvatiri zviri nani.” Ndakanga ndiri kuedza kuzviuraya. Zvino iye ndokuti, “Usanetseke. Ndivimbise kuti hausi kuzonetseka zvakare.”

22 Zvino ndikati, “Handikwanise kuzvivimbisa, Hope, nokuti ini—ini—ini ndiri. . . ndinonetseka. Handigone kuzvibatsira.”

23 Zvino ndakabuda muchiratidzo, ndakamira mukamuri ine rima. Zvino kwete chiratidzo, kwete kufungidzira, asi ruoko rwake rwakanga rwuchiri rwakandimbundira. Uye aindibhabhadzira. Ndikafunga, “Mira zvishoma. Ichi hachisi. . .” Ndaisaziva kuti ndochidana kuti kudini mumazuva iwayo, chiratidzo. Ndaichiti kubatwa. Ndikati, “Izvi ndizvo. . . Ruoko rwake rwuchiripo ipapo.” Ndikati, “Uri pano here, Hope?”

24 Akati, “Bill, ndivimbise kuti hausi kuzonetseka zvachose pamusoro pangu naSharon.” Nokuti, ndakanga ndasvika pamagumo enzira. Ndakanga ndagadzirira kuzviuraya.

Ndikati, “Ndinokuvimbisa.” Zvino akandimbundira, ndokundibhabhadzira neruoko rwake.

Uye zvararo nda—ndakati, “Hope, uri kupi?” Ndakawana. . . ndakatsvanzvadzira mudenga, kusvika ndabata kachenj kadiki pagetsi ndokukadhonza. Ndakatenderera, ndokutsvaga nemumacheya ose, kuona kana ainge akagara ipapo.

Iye ndiMwari. Anongova Mwari mumwe chete, nhasi, sezvaAiva paGomo reKushandurwa apo Mosesi naEria vakaonekwa. Achiri Mwari.

<sup>25</sup> Tinogona kupinda nemunhamo nemiyedzo zvakanwanda. Chingorangarira, pane mumwe Munhu Anoziva, anojekesa nzira, nekuiita yamazvirokwazvo. Handizive zviru seri kwechidzitiro. Asi ndinoziva chinhu chimwe chete, ndiri kushingaira ndakananga kunharidzano yekudanwa kwepamusoro, zuva rega-rega, ndichiedza kuraramira chiitiko chikuru ichi chichaitika nerimwe zuva; pandichaMuona, chiso nechiso, nekutaura nyaya, “Kuponeswa nenyasha.” Ndiro zuva randiri kuraramira. Ndichisiya zvinhu izvo zviru kumashure, zviripo, ndinoda kushingaira ndichienda mberi, kungoramba ndichienda mberi.

<sup>26</sup> Ndinoda kuti tabhanakeri ino, iye zvino nokuti machimira netsoka dzenyu, ndinoda kuti murambe muchishingaira kunharidzano yekudanwa kwepamusoro. Chero chipi chamunoita, batiriranai pamwe chete, ivai makabatana nekukwanisa kwese kwamungava, asi nguva dzose muine ruoko rwakatambanudzwa, kunanavira kuti muwane mumwe munhuwo zvakare, kuti mumuunze mukati. Asi muKutenda uku kwatiri kuparidza zvino pamwe nekurwira mukuperera, musatsauka inchi imwe chete kubva paKuri. Nokuti, kana muchinditenda kuva muranda waKe, uhwu ndiwo hurongwa hwaMwari. Hauzombova muruzhinji. Huchagara huri muvashoma, hwagara hwakadaro uye huchagara hwakadaro. Asi, rangarirai, kwakanyorwa kuchinzi, “Musatya, boka duku; kuda kwakanaka kwaBaba venyu kukupai Humambo.”

<sup>27</sup> Zvino, pane boka remahofisi rekereke yedu, madhikoni, matirastii, mukuru weSunday school, vafudzi, sekuiswa kwakaitwa kereke yedu muhurongwa. Zvino imi, vanhu, makasarudza vabati vemahofisi ava nemufundisi uyu. Ini ndingori mutariri pana zvose, kungoona kuti zvinofamba zvakakanaka, nekupa mazano nezvakadaro. Ndimi munosarudza mufundisi wenyu, munosarudza matirastii enyu, munosarudza madhikoni enyu, munosarudza hofisi yega-yega iri mukereke muno; imi, vanhu. Zvino ibasa renyu kumira nevarume ivavo, munoona, nokuti vachakanganisa. Vanhu vanofa. Vanongovawo vanhu, uye vachakanganisa. Asi kana Mutungamiri weUnited States akakanganisa, tinomubvisa here pachigaro, seMutungamiri? Tinokanganwa pamusoro pazvo toenda mberi. Ndiyo nzira yatinoda kuita kereke yedu zvino. Ndanga ndakateerera kwavari vachinamatira, maminitsi mashoma apfuura, madhikoni aya. Uye nekunzwa shure uko, chapupu, pamukova, kubva kumatirastii, kuti imi mose muri muhumwe. Zvino rambai makadaro. Zvino, imi nhengo mirai nematirastii aya, madhikoni, nemufudzi. Uye rangarirai, kana mukaisa izvi pamwe chete, rangarirai kuti ibasa

radhiyabhorosi kuona kuti izvi zvapamurwa. Zvino zvagara zvakadaro uye zvicharamba zvakadaro. Asi imi mirai nevatati venyu vezvinzvimbo, zvino ndiko kutaura kwandanga ndiri kuzoita.

<sup>28</sup> Uye zvadaro pano zvakare ndine . . .chimwe chinhu chekuisa pabhodhi rezviziviso mangwanani ano, pamusoro pemusangano wemabhodhi nemabasa awo. Zvino zvichaiswa pabhodhi rezviziviso. Uye ndine zvimwe zvakakoponorwa zveHama Roberson, vanova sachigaro wemadhi-. . .wematirastii. Uye zvadaro ndine zvimwe zvakakoponorwa zveHama Collins, ndinofunga, vanomira sasachigaro webhodhi remadhikoni. Uye zvino, mahofisi ese aya akagadzwa maererano neGwaro, uye anofanira kuva nemirawu yeMagwaro pamusoro pezvavanofanira kuita. Naizvozvo, matirastii ane hofisi yavo vega. Uye madhikoni vane hofisi yavo vega. Mukuru weSunday school ane hofisi yake ega. Zvino mufudzi ndiye mutungamiri weboka.

<sup>29</sup> Zvino, imwe neimwe yeiwaya ine zvinhu zvakafanana. Uye ndinofunga kuti musangano wenyu haufanire kunge muri pamwe chete, asi unofanira kuva sehofisi yega-yega pachayo, nekuti madhikoni havana chekuita kumatirastii kunze kwekunge vaine rimwe basa rekuunza kwavari. Uye zvimwe chetezvo kune rimwe divi, matirastii vanotarira mari nezvinhu zvechivakwa; havana chekuita nemadhikoni. Madhikoni ndiwo mapurisa ekereke, uye nevatatsiri vemufudzi. Matirastii ndivo vabati vezvinhu zvekereke. Matirastii havanei nechekuita nezvepamweya zvacho, uye madhikoni havana nechekuita nezvemari zvacho. Naizvozvo, zvinofanira kudaro. Zvino mukuru weSunday school anotarira Sunday school yake. Saka ndakazvinyora zvese, zvakataipwa, kuti zviiswe pabhodhi rezviziviso.

<sup>30</sup> Uyewo zvadaro tiri kuzowana, mufuremu, Dzidziso iyo kereke yainomira nayo, toiIta kuti iiswe mufuremu muno, mukereke; zvatinomira nazvo, zvi—zvitevedzwa, Dzidziso yekereke. Zvino, kuti tive kereke, tinofanira kuva nedzidziso.

<sup>31</sup> Hapana hoko dzatinorovera, zvino toti, “Tinongofamba kusvika *apa*.” Tinonyatsoenda kunosvika, mukuyanana nemunhu wese, uko kwatinotenderwa naMwari kuti tiende, muMagwaro aVo, nevanhu. Uye zvino batanai pamwe chete, ivai muhumwe, moyo mumwe, muende mberi muchizviitira Mwari. Ndiyo nzira Mwari yavanoda kuti tiite.

Zvino ngatinamatei, zvadaro tozozarura Shoko.

<sup>32</sup> O Ishe vanokosha, tava pedyo zvino kusvika paShoko raMwari, kana kuti kuverengwa kweShoko iri. Dai Mweya Mutsvene weNyu wadudzira kwatiri izvo zvatinotsvika. Zvino tenderai titaure, Ishe, nekuita nekurarama, tichiziva kuti tese tiri vana veNyu, kubudikidza nenyasha, sekudana

kwaMakatiita. Dai pakava nekuwadzana mukereke ino, tichiona kuti tava kuda kupinda mune kumwe kufamba kukuru, tinonzwa, kuunza vamwe vashumiri kuti vaende muminda uko, kana Mukanditumira kune dzimwe nzvimbo dzakasiyana dzenyika, ikoko kunogadza Kutenda, uye nekuwana mushumairi akagadzirira uye anoda, akadzidziswa kuti aenderere mberi. Zvino dai Kutenda kwakambopiwa vatsvene pakutanga, kwatakamira nako zvakasimba, kuve denderedzwa rakapoteredza nyika. Zvitenderei, Ishe. Dai kabutwa aka kadiki kesora, zvapaiva rimwe ramazuva patakapakumikidza kwaMuri, dai pakava nekereke inosimuka pano, Ishe, zvokuti kubva pairi kuchabva vashumiri nevavhangeri nevadzidzisi nemamishinari, kuenda kumativi ese nyika.

<sup>33</sup> Tinokumbira, mangwanani ano, ropafadzo rakatsaurwa kuHama yedu neHanzvadzi Stricker vari kutambudzika zvino. Asi tinoziva kuti tese tinoiswa pamiyedzo iyi. Mwanakomana wese anouya kuna Mwari anofanira kurangwa, kuyedzwa. Zvino kana tikaregedza zviri nyore, todzokera, zvararo tiri vana vehupombwe, uye kwete vana vaMwari. Ipai Hama neHanzvadzi Stricker kukwanisa pamwe nesimba, kuti vagare panzvimbo yavo yebasa. Kana vari kuzopemha chokudya chavachadya, regai ruoko rweNyu rwekuropafadza rwuve pavari. Nokuti hatizive asi zvinogona kuva kubudikidza nekushingaira uku kuti Mucharatidza mugari wemuAfrica zviri Mukristu wechokwadi. Zviitei, Ishe. Zvino zvese ngazviitwe zviri maringe nekuda kweNyu.

<sup>34</sup> Ropafadzai mufudzi uyu, Hama Neville. Tinonamata, Ishe, kuti muchavaita mufudzi wemakwayi, sezvaMakaita munguva yapfuura. Uye hatinagananwe mudzimai wavo mudiki akaisvonaka, ari kurwara zvikuru. Muvengi ari kuda kusiya Hama Neville neboka iroro revana, vasina amai, asi tinomira toisa, nekutenda, Ropa raJesu Kristu pakati pemuvengi uyu nehanzvadzi yedu. Dai Mweya weNyu, Ishe, wava mukuru pavari, tichiziva kuti vakadzi vese vakatemerwa kufamba nemumupata uyu, werima rezera iri, asi tinonamata kuti Muve navo. Ropafadzai vana vadiki vaye. Mudzimai achange akihuta iye zvino, nekusagadzikana, asi dai Mweya Mutsvene wava pasuwo retsitsi, panguva dzese, kumhuri iyoyo.

<sup>35</sup> Ropafadzai boka redu rematirastii, Hama yedu Wood, neHama yedu Egan, Hama Roberson, nevamwe vese, Ishe. Madhikoni, matirastii, nevese vanobatanidzwa nekereke, tinonamata, Ishe, kuti Muchavaita kuti vashumire nguva yavo nehutsvene ne—nekururama. Ropafadzai avo, Ishe, vakashumira munguva dzakapfuura. Uye tinonamata kuti Muchaenderera mberi nesu tose, kuti tigozivikanwa sekereke yekubatana, neMweya nerudo rwaIshe. Tinonamata zvino kuti Muchatigovera Shoko, sokutsvaka kwatiinako, patiri kuverenga



kubva muShoko reNyu rakanyorwa. Nokuti tazvikumbira nemuZita raJesu. Amenii.

<sup>36</sup> Zvino mukunamata, ndanga ndichifunga patanga tiri kuropafadza kana kuti pakukumbira maropafadzo kuitira redu razvino. . . bhodhi redu itsva rematirastii nezvakadaro, ndanga ndiri kufunga pamusoro peHama yedu Fleeman naHama Deitzman nevamwe vakagara pano, vakashumira zvakanaka, munguva yapfuura. Zvino tinoda kutenda Mwari nekushumira kwavo kwakatendeka. Dai Ishe vakaramba vainavo, kuvaropafadza nekuvabatsira. Ndinoda kuverenga tisati. . . Ingorangarirai zvino, bhodhi rezviziviso nezvakadaro, pamwe nemisangano iri kuuya.

<sup>37</sup> Zvino tinofara kuva nesu, mangwanani ano. . . Zvakanaka, ndingazviture sezvizvi, mumwe murume anga akakosha kwazvo kwandiri, munguva dzapfuura, uye anokosha iye zvino, hama yakanaka, Fred Sothmann, vanobva. . . nemudzimai wavo, vanobva kuSaskatchewan, Canada, vari pano kuzogara nesu, munyika yedu, muyeni; asi mukuyanana nesu, hama inodikanwa, Hama Fred Sothmann vagere apo. Ndivo vanoronga musangano wangu pandaiva muCanada.

<sup>38</sup> Neimwe hama inokosha vaimbova vekuCanadawo zvakare, vaiva muzvinabhizimu, uye vanogona kuratidza kunyika kuti haugone kupa kupfuura Mwari. Ivo nabhururu wavo vakavamba bato rinobatsira nemari yekuvaka nzvimbo, kana kuti nzvimbo yekushumira vekunze kwenyika, bato rinobatsira nemari. Zvino vakandidana kuOakland, kumusangano, zvino vakati vaiva nemari yacho. Vaizoubhadharira pane zvese, mubato ravo rinobatsira nemari.

<sup>39</sup> Hama Fred neni takambozvedza neimwe mari iyo Hama Fred vaiva nayo, yandainge ndisiri kuzatora sedungamunhu. Saka takasarudza kuti taizoipa kuvanhu vekuCanada uye torenga kana kumbotora mupiro, asi hazvina kufamba zvakanaka. Misangano yaiva yakanaka. Asi nokuda kwekuti hatina kutora mupiro. . . Handina basa nekuti kereke inodhura mabhiriyoni zana emadhora, unenge uchingori nemungava, kuna Mwari, kutora mupiro wacho. Ichocho chikamu chekunamata. Zvino unoibira. . . Sekungopesana kwandainge ndakaita nemari nezvinhu zvakadaro, ndinoona kuti, kana munhu akatsauka, newewo unofanira kubvuma kuti wakakanganisa, nekuti Hama Fred neni takazviona zvisiri kufamba zvakanaka.

<sup>40</sup> Zvino, Hama Borders, pandakasiya Hama Fred ndokuuya zasi kwamuri kuOakland, ndakati, “Musambozviita. Ingofambisai ndiro yemupiro, torai mupiro, uye, chero zvazviri, udzoserei mubato renyu rinobatsira nemari kuitira mumwe musangano kune imwewo nzvimbo.”

41 Zvino shumiro dzisati dzavhara, Hama Borders neshamwari dzavo vakauya kwandiri, ndokuti, “Sekuwanda kwakaita yatakaisa mu—mumusangano, yatotorwa nechekare.”

42 Uyezve, mazuva mashoma apfuura, vakaita hurongwa hwemusangano kuSan Jose, California, uko kwavaiva nemamwe, ndinofungidzira makereke makumi matanhatu kana makumi manomwe mumupata, ezvitendero zvose zvakasiyana ose achishandira pamwe. Takava nemusangano unoshamisa, uye tiri kudzokera zvakare, muna Mbudzi. Tinofara kuva nemi pamwe nesu, Hama Borders naHama Fred vakagara kumashure uko. Zvino varume ava zvichida vaenzi kwamuri mese, asi vakagara vari hama dzinokosha kwandiri kunze mukuvhanga, vachirwira Kutenda kwatakamira nako. Mwari vakuropafadzei, hama. Tinofara kuva nemi mangwanani ano, mutabhanakeri diki, yakare pano. Haina chikuru chekutarisa pairi. Asi pane chimwe chinhu pano, chekuti, tinoziva kuti Mwari vanogara pano, muri kuonaka, saka tinofara nekuda kwaizvozvo. Uye pane dzimwe hama dzinokosha, dai ndaiva nenguva yekudoma, avo vari pakati pedu nhasi.

43 Zvino ndiri kutarisira pamwe nekunamata kuti mumazuva mashoma ari kutevera, Ishe vachida, ndinoda kuenda, ndichinzwa kutungamirwa . . . handisati ndaita chiziviso chacho. Musangano unotevera, kuOhio, kuti ndizova neHama Sullivan, panzvimbo inodzikwa misasa, nenguva pfupi. Anongova mamaera zana kukwidza ikoko, ndofungidzira, Gene, zvakada kuita saizvozvo. Rungava rwendo rwakanaka, hausati waronga zororo rako, kana Ishe vakaramba vachititungamira. Murume akaisvonaka kwazvo, uye tinokoshesa Hama Sullivan, zvikuru kwazvo. Kungoti . . . Ndivo meya weguta. Vachangobva kunge vari meya, munhu wemuKentucky wechinyakare. Ndizvo zvega zvandinokwanisa kutaura pamusoro pavo. Pandakasangana navo rimwe zuva ku . . . Takakudzwa tiri vaviri zasi uko mumakomo eKentucky. Vakati kwandiri, “Uchiine asafetida yako muhuro mako here, Billy?” Zvino munoziva kuti—kuti muKentucky akadini. Zvino ngativhurei mune . . .

Handisi kuti ndashaiwa ruremekedzo kuhama dzangu dzekuKentucky dziri pano, Hama Jefferies, nevakadaro. Ndiri wekuKentuckywo, zvakare, munoziva. Regai ndikuudzei chinhu chimwe chete chezvatiri. Hatisi vekuKentucky, kanawo hatisi vemuAmerica. Tiri vafambi nevapfuuri. Tiri kutsvaga Guta riri kuuya.

44 Zvino kuti tiverenge, ngativerengei kubva muBhuku raEksodo, kwemaminitsi mashoma. Ndinoda kuverenga kubva pachitsauko 23, uye ndima 20 kusvika 23, dzose. Zvino ndinoda kutora musoro wenyaya mangwanani ano, kubva pane zvakadai, wekuti, waro: *Kudzikinurwa Kwakazara*. Uye handisi kuzorebesa, pakutaura, zvino pandanga ndakakumirirai kuti muvhure Bhuku renyu nechitsauko.

*Tarira, ndinotuma Mutumwa pamberi pako, akuchengege panzira, uye akuisse kunzvimbo yandakagadzirira.*

*Munzwei, . . . muteerere inzwi rake, musamutsamwisa; nekuti haangakukanganwireyi kudarika kwenyu: nokuti zita rangu riri maari.*

Ndine chokwadi chekuti unganano inoziva kuti Ngirozi iyi yaive ani. “Zita raNgu riri maAri.”

*Asi kana ukateerera inzwi rake kwazvo, ukaita izvozo zvese zvandinotaura; ipapo ndichava muvengi wavavengi vako, nemudzivisi wavadzivisi vako.*

*Nokuti Mutumwa wangu achakutungamirira, akusvitse . . . kune vaAmori, . . . vaHeti, . . . vaPerezi, . . . vaKanani, . . . vaHivhi, ne . . . vaJebhusi: Ini ndichavaparadza.*

<sup>45</sup> Dai Ishe vakaropafadza Shoko raVo patiri kutaura zvino kwemaminitsi mashoma, kana mukanamata. Ndanga ndiri kufunga pamusoro pechidzidzo, chekuti: *Kudzikinurwa Kwakazara.*

Kereke yagara iri va—vashoma. Ichagara yakadaro, hunhengo hwayo, kusvika Jesu auya. Asi Iri kurarama pasi pekodzero dzaYo dzayakapihwa naMwari. Dai taingoziva bedzi, ino ndiyo Kereke yaMwari mupenyu; kwete Branham Tabernacle, asi Branham Tabernacle ingori chikamu chaYo. Pane mamwe matabhanakeri akadarowo ari munyika.

<sup>46</sup> Hama Snelling, manheru ano, vane shumiro yekubhabhatidza. Ndakanganwa kuti Hama Curtis vandiudza kuti ndizvizivise, kana kuti vakandiudza nezuro, vanga vachizova nayo. Vari kuzova neshumiro yekubhabhatidza. Zvino kane paine mumwe pano asati ambobhabhatidzwa, nazvino, saka, Hama Snelling vangafara kuzviita, manheru ano. IHoliness Tabernacle kuUtica. Uye Hama Junior Jackson, kuNew Albany. Zvino pane makereke mazhinji akadaro akatekeshera munyika. Asi tese tiri kurarama, zvinoita sekunge, kurutivi rwakakundika, zvakananyanya, zvisihoma.

<sup>47</sup> Ndanzwa Hama Neville vachishambadza mangwanani ano, kumashure uko, zvabva zvaita sekuuya mupfungwa dzangu, kuti zviriri kuita sekuti vanhu vari kubva pakudzikinurwa. Zvinoita sekunge chimwe chinhu, icho, vanhu vachiona, saka vanongochisaidzira kune rumwe rutivi, “O, zvakanaka, Mwari vanogona kuzviita.” Asi handiwo maonero acho.

<sup>48</sup> Zvino, Mosesi, paakadanwa naMwari, aiva muporofita akazara, akakwana.

Kana Mwari vakatuma munhu kuti aite chero chinhu, Vanonyatsa kumupa zvinhu zvese zvaanoda. Kana Mwari vakadana munhu kuti ave muparidzi, Vanoisa chimwe chinhu

maari chekuti aparidze nacho. Kana vakamudana kuti ave mudzidzisi, Vanoisa chimwe chinhu maari chokuti adzidzise nacho. Kana vakamudana kuti ave muporofita, Vanoisa chimwe chinhu maari, chokuona zviratidzo pamwe nekuva muporofita. Mwari vanogara vachipa munhu waVo zvese zvaanoda.

Zvino ndizvo chaizvo zvaVakangoita paVakatumira Mosesi kuEgipita. Vakamukudza neimwe nzira yakatsaurwa. Vakamudzidzisa neimwe nzira yakatsaurwa, uye Vakamuumba, ndokumugadzira, nekumuita zvaari. Mushure mekunge Vavimbisa Abrahama, mazana emakore ekumashure, kuti Vaizodzikinura vanhu, zvadaro Ivo—Ivo vakanga vaine mupfungwa kuti Vaizogadzira Mosesi nenzira yo Mosesi akagadzirwa nayo. Mosesi aiva muporofita akakwana. Uye zvadaro, ari muporofita akakwana, zvadaro. . .

<sup>49</sup> Sezvawakangoita, kana uri Mukristu, Mwari havagadzire Makristu ari pakati nepakati. Mwari vanogadzira Makristu akazara. Mwari havagadzire vaparidzi vari pakati nepakati, asi muparidzi anogona kuve ari pakati nepakati. Zvino Mwari vanoita vana vaVo Makristu, asi dzimwe nguva Makristu ari pakati nepakati. Asi hakusi kuda kwaMwari kuti vave vakadaro. Inzira dzavo pachavo dzavhengana nehurongwa hwaMwari pamusoro pehupenyu hwavo, uye izvozvo ndizvo zvinovaita kuti vave zvavari. Mwari havadi kuti vave Makristu ari pakati nepakati, kana vaparidzi vari pakati nepakati, vachirerutsa kumativi ese, kana. . . Anoda kuti vanyatsomira mumukaha.

<sup>50</sup> Zvino, Mosesi, Mwari vakanga vamuita muporofita akakwana, kuitira kudzikinura zvakakwana. Zvino Mosesi akanyatsa kuzvipira mumaoko aMwari. Ndicho chikonzero zvakamuita kuti ave zvaava. Aiva akanyatsa kukwana muna Mwari kusvikira Mwari vaigona kuvimba naye.

<sup>51</sup> Handizive, mangwanani ano, seMakristu, kana takapira kuda kwedu, nokuzvipira pachedu zvakakwana kuna Mwari, kusvikira Mwari vanogona kuvimba nesu munzvimbo yaVakatiisa. Handizive, mangwanani ano, pachangu, kana ndikakwanisa kunyatsa kuzvipira kuna Mwari kusvikira Mwari vave kugona kuvimba neni, vogona kuvimba neHama Neville, vogona kuvimba nebhodhi redu rematirastii, bhodhi redu remadhikoni, kana nhengo dzedu dzekereke. Tese tine nzvimbo, uye tine basa.

<sup>52</sup> Mushumiri ane nzvimbo yebasa, kumira achiparidza pfuma isingatsvagike yaKristu, asingarerutse, kana akadanwa kuva muparidzi. Hapana chinhu chimwe chaangasiya nokuda kwemunhu mumwe chete, kana akadanwa kuva muparidzi.

<sup>53</sup> Zvino nhengo yekereke, akadanwa kuva nhengo yeboka iri, zvadaro haangamborerutsa. Kana kereke ichizvitenda kuti hatifanire kutamba njuga, zvino nhengo iyoyo haimbofanirwa kubata butwa remakasa. Hatitendi mukunwa doro, anofanira

kutendeutsa musoro wake zvakakwana kubva pakunwa doro. Kana tisingatendi mukutamba njuga, kana kuputa, nhengo yekereke ino haimbofanirwa kubata chinhu chakaita saichocho. Mwari vanopa rudzikinuro rwakazara. Kana isu . . .

Vanozviita kana tikazvipira zvizere kwaVari. Kana tikazvipira zvizere muruoko rwaVo, zvadaro Mwari vanogona kurarama matiri. Kristu, Tariro yeKubwinya, Anogona kuZviratidza nematiri patinozvibvisa pachedu munzira. Zvadaro pfungwa dzedu ipfungwa dzaKe. Ungambofungidzira here Kristu achisvuta mudzanga? Ungambofungidzira here Kristu achinwa doro, kana kutamba makasa? Zvadaro kana Mweya wako uri chikamu cheMweya waKe, Anoda kuti kuve kupupura kwako. Asi iwe unotendera dhiyabhorosi kuti apinde atonge. Zvino nguva yese, mumoyo mako, zasi pakadzika, unoziva kuti uri kukanganisa paunoita zvinhu izvozvo.

Zvino kana imwe nhengo ikataura ichipesana neimwe nhengo, unoziva kuti izvozvo zvakaipa. Munorairwa kunamatirana mumwe nemumwe, kwete kutaura muchipesana mumwe nemumwe, asi kuti mudanane. Uye kana mumwe munhu akaderera, ngatimusimudzei, mubatsirei. Zvino, izvozvo zvinotiita bo—bo—boka rakabatana revatendi. Zvino, kana tikasateerera izvozvo, zvadaro hatiteereri Mwari uye hatifadzi Mwari. Uye naizvozvo, kereke yedu, vanhu vedu havagone kubudirira, kereke haigone kuenderera mberi, nechikonzero chekuti hatina kubatana, pamwe chete. Sezvakataurwa naJesu, “Mbiriso shoma inovirisa bundu rese.”

<sup>54</sup> Zvino, kana bhodhi rekereke, kana sekuti ma—madhikoni, vakauya vachiti taive tiri kuzo . . . kufunga kuti tinofanirwa kuvaka tabhanakeri itsva. Kana iriyo vhoti yemadhikoni, uye matirastii obvunzwa uye vasina mari yekuzviita, zvadaro vanova nechirongwa chekuvaka sechatiinacho chiri kuendeka iye zvino. Uye zvadaro zvinounzwa pamberi peungano yose, sezvatnofanira kuva, kereke yose ichiva nekuzvitonga kuzere. Zvino kana kereke ikavhotera tabhanakeri itsva, zvinoka isu tose tinofanira kushanda pamwe chete pakuvaka tabhanakeri itsva iyoyo.

<sup>55</sup> Chaizvoizvo, pachangu, pavakataura nezvetabhanakeri itsva, kwandiri, ndaisawirirana nepfungwa yacho. Ndizvozvo chaizvo. Ndakati, “Hatingadi chaizvoizvo tabhenakeri itsva. Zvichida ndichange ndichibva pano munguva pfupi, seizvo Ishe . . . kana izvo zvaVakandiratidza zvikaaitika. Tinodireiko tabhenakeri itsva? Hatina mari yacho.”

<sup>56</sup> Zvino ndakauya ndokunzwa manzwiwo ekereke, kuti kereke, veruzhinji, vaiita sevaizvida. Saka ndakaita sei? Ndakasiya pfungwa dzangu ndokuwirirana pamwepo nekereke. Zvirokwazvo, ngatizviitei. Kana . . . Ndiyo nzira yatinokanda nayo mijenya, ndiyo nzira yazvaiva munguva dzemuBhaibheri,

nzira iyo kereke yaivhota. Ku—kuzvitonga kuzere, mapoka evanhu, vanouya pamwe chete. Mukubatana mune simba. Saka, naizvozvo, ndakati, “Zvirokwazvo, kana iri iyo nzira inodikanwa nekereke, kana zviru izvo zviru kudiwa naMwari, Vane simba rakawedzerwa kuvhota pakati peboka revanhu kupfuura raVainaro kwandiri, nekuti handina chiratidzo chekutura kuti hazvifanire kudaro.” Saka tinobatirana nekereke, uye tofambirana nekereke. Zvino ini ndinozvitsigira, kuita zvese zvaninogona, munoono, kubatsiridza kereke.

<sup>57</sup> Ndicho chinofanira kuva chinangwa cheMukristu wese nemunhu wese mukereke, kuzvibanidza pachedu nekugara pamwe chete. Chero chinovhoterwa nekereke, ndicho chinhu chatinofanira kumira nacho. Zvadaro toti, sekuti, ivo . . . panoda kuchinjwa chimwe chinhu mukereke. Saka, zvadaro, kana matirastii vachida, ma . . . mumwewo munhu achida, madhikoni, achida kuchinja chimwe chinhu, zvinounzwa pamberi pekereke, kereke zvino pamwe chete. Zvino kana yedu—kana yedu pfungwa pano ichiita sekuti siyanei zivhoma nezvataurwa nekereke yese, ngatisiyei pfungwa iyoyo, nekuti ndiyo nzira yega yatinogona kumira takabatana. Zvino kana kereke ino ikangoenderera mberi nenzira iyo yamuri kuenda nayo zvino, uye mobatana pamwe chete, Mwari vacha . . . Hazvina muganhu, izvo zvaVachaita, kana tikabatana pamwe chete. Tinofanira kubatana pamwe chete. Ndizvo zvatinoda kuva, zvizere mumwe kune mumwe, uyezve takanyatsa kuva mumaoko aMwari zvizere.

<sup>58</sup> Zvadaro tinofanira kuva nemunhu watinotenda kuti anoparidza Shoko raMwari. Kana munhu iyeye akasadaro, zvino tsvagai mumwe munhu anozviita. Ndiyo nzira yatinofanira kumira. Kana bhodhi rematirastii rikasamira nezvakafanira, zvino ibasa renyu kuti musarudze mumwe munhu achamira nezvakafanira. Zvino ipapo pamunodaro, garai pazviri. Zviri kwamuri. Mirai nazvo. Zvino, tose pamwe chete, takamira neChinhu chimwe chete, anova Mwari.

<sup>59</sup> Kana nhengo ikakanganisa, musamuramba. Mubatsirei. Musimudzei. Huyai pamwe chete, tauriranai mumwe nemumwe. Ndizvo zvinotaura Gwaro. Kana tikakanganisa, ngatiendei pamberi paMwari. Tisati taenda pamberi paMwari, tinofanira kuenda kune munhu watakanganisira.

<sup>60</sup> Ini ndakatozombozviita. Uye ndinoziva kuti ndakakanganisa. Ndakanyepa, ndikakonzera kuti mudzimai wangu anyepe. Ndinotenda kuti ndakakuudzai pamusoro pazvo, pano pakereke. Aiva mazuva mashoma, kwete kare, ava mavhiki angaite matanhatu apfuura. Magweta akanga andishungurudza kwazvo, pamusoro pekuferrefeta kuya, kusvikira ndakanga ndisisazive kwandaive. Ndakanga ndichangoenda kumba ndichibva kuhofisi, kunodya svusvuro. Zvino foni yekumba ndokubva yarira, zvino Meda akaenda kunodaira foni.

Akaivhara neruoko rwake, akati, “Ndeaya magweta aya zvakare.”

<sup>61</sup> Ndikati, “Handigone kuita humwe husikuzve. Musoro wangu uri kuita kunge wava kurasika. Ndava kurasikirwa nepfungwa dzangu, kungondidhonzera uku, neuko, neku.” Ndikati, “Handisi kuzvikwanisa.” Zvino ndakakwakuka, ndikati, “Vaudze kuti handisi muno,” ndokubva ndamhanyira kuseri kwemba.

<sup>62</sup> Pandakadzoka . . . Meda ane hana yakanyatsochangamukira zvinhu izvozvo. Akasangana neni pamukova, ari pakati pekuchema. Akati, “Bill, ndicho here chinhu changa chakafanira kuitwa?”

<sup>63</sup> Unoziva zvauro. Ndinoziva zvandiri. Ndikati, “Chokwadi. Ndanga ndisiri muno panguva iyoyo.” Ndaiziva kuti Mwari vanga vandipomera nokuda kwazvo. Ndikati, “Ndanga ndisiri muno panguva iyoyo.”

Akati, “Asi wanga uri muno paafona.”

<sup>64</sup> Masikati iwayo ndakaenda kunonamatira mucheche airwara. Zvino ndisati ndabuda mumba, foni yakarira zvakare, zvino Joseph mudiki akamhanya ndokutora foni akati, “Baba, munoda here kuti ndivaudze kuti hamupo?” Munoono huwori hunoitwa nechivi, ingazova mhuri yakaita sei pamagumo?

<sup>65</sup> Johane weKutanga, chitsauko 5, uye ndima 21, yakati, “Kana moyo yedu isingatipomere, zvino tine ruvimbo muna Mwari.” Asi kana moyo yedu ichitipomera, ko tingazova sei neruvimbo muna Mwari? Tinoziva kuti, chero bedzi tiine chivi chisina kureururwa, haAzombotinzwa. Zvakasimba, asi, izvi—izvi—izvi, kereke inoda zvinhu izvozvi.

<sup>66</sup> Zvino ndakatanga kunamatira mwana uyu. Uye pandakatanga kuisa maoko angu pamusoro pake, Ishe vakanditsiura vakati, “Wareva nhema. Hauna kukodzera kunamatira mwana iyeye.”

<sup>67</sup> Ndakatendeuka kubva pamurume iyeye. Ndikati, “Changamire, chimbomirai muri pano. Ndine chinhu chandinofanira kugadzirisa.”

<sup>68</sup> Ndakafonera gweta ndokudzika zasi kuhofisi, ndokumudana. Ndikati, “Honai, changamire, ndanyepa. Ndaita kuti mudzimai wangu anyepe. Ataura kuti ndange ndisimo, zvino ini ndokumhanyira panze kuseri kwemba.” Zvino ndakazvireurura ndokumuudza pamusoro pazvo.

<sup>69</sup> Akafamba akaisa maoko ake pabendequete rangu. Akati, “Hama Branham, ndakagara ndiine ruvimbo mamuri, asi ndava nerwakawedzerwa kupfuura kare zvino, munhu,” akati, “anoda kugadzirisa zvaakakanganisa.”

<sup>70</sup> Ndakamuudza, ndikati, “Ndatanga kunamatira mumwe mucheche, zvino Ishe vangondipomera, mumoyo mangu, nekuti ndaziva kuti ndanga ndakanganisa.”

<sup>71</sup> Zvadaro, zuva rakatevera, mudzimai wangu akati, “Uri kuenda kupi?”

Ndikati, “Kubako rangu.”

<sup>72</sup> Zvino ndakaenda kubako rangu, uko kumusoro kweCharlestown, uko kwandagara ndichienda, kwemakore. Ndakapinda imomo, ndikanamata zuva rese iroro, “O Mwari, musandirega ndichiita chinhu chakadaro zvakare. Ndiregerereiwo, Ishe, nokuti pandatanga kuisa maoko angu pavanhu vanorwara, kuti ndinamate, ndapomerwa.” Kwava kuita senguva dzathree o'clock manheru, ndakabuda. Pane dombo guru rakarara kunze uko. Zvino ndakakwira padombo iri uye ndaiva ndakatarisa nechekumabvazuva, ndakasimudza maoko angu, ndichirumbidza Ishe. Zvino maiva makanyatsa kunyarara imomo. Zvino ndikati, “Ishe, kana Mukango... Imwe nguva Makapfuura nepaiva naMosesi, iye akati waiva... paMakamuisa muhwangwadza yedombo, uye zvairatidzika sekumusana kwemunhu.” Ndikati, “HaMungazviitawo zvakare here, Ishe? Ndizivisei kuti ndaregererwa.” Zvino ndakati, “Kana Mukandibatsira mugouya papfungwa dzangu...” Ndakati, “Ishe, handina kunyatsa kusimba, papfungwa, nekuti handina fundo.” Ndikati, “Uye ndi—ndiri kuedza kuKushumirai. Munoziva moyo wangu, uye handina... Handifanire kunge ndaita izvozvo. Ndanga ndisingareveri kudaro. Musoro wangu wakangonzwika sekunge waive wava kubva, ndainge ndichihuta kwazvo, uye ndikangozviita kamwe-kamwe panguva yandakabatwa naSatani.” Ndikati, “Kana Mukandiregerera, tenderai ndiKuonei, zvino, Ishe.”

<sup>73</sup> Mwari vari Mutongi wangu; chaipo nechekurutivi rwangu, imwe nzvimbo diki muzvikwenzi yakatanga kutenderera seChamupupuri, ndokubva Chakauya kurutivi chairwo rwebako kwandaiva, ndokudzika nemusango. O, hama, rugare rwunopfura kunzwisisa kwese rwakauya pandiri, ndikachema. Ndakachema. Ndakadanidzira. Ndinoziva kuti zvivi zvangu ndakazviregererwa. Munooni, ndakanga ndakapatsanurwa naMwari, ndaisakwanisa kuwana kudzikinurwa kwemu cheche.

<sup>74</sup> Ini... Zvino zuva rakatevera racho kwaiva nemurume aibva kuChicago, anova munhu mukuru, Mukatorike aiva achangotendeuka, mavharuvhu emumoyo make aive akazvimba kunge chubhu yemukati yakafutunudzwa, uye vaimbenge vachiedza kuacheka zvokuabvisa kwenguva refu, vainge vachizodaro, asi aisavabvumira. Pakupedzisira akawana nhaurirano. Nhaurirano idzi, tinogara nayo kusvikira taona kuti chii chakakanganisika. Zvino murume uyu anga achangopinda, zvokuti Mweya Mutsvene wakaronda uchidzoka



kumashure muhupenyu hwake ndokudana chimwe chinhu chaakaita paakanga ari mukomana anoshumira paartari mukereke yeKatorike. Akati, “Ichocho ichokwadi. Ichokwadi chakaperera.” Akati, “Munoreva here kuti izvozvo zvanga zvirimhosva kwandiri?”

Ndikati, “Ndiwo mumvuri wega wandinokwanisa kuona muhupenyu hwako.”

<sup>75</sup> Akadzokera ndokunoudza chiremba, akati, “Zvakanaka, chigadzirirai zvinhu zvese zvino, tozova neoparesheni.”

<sup>76</sup> Chiremba akati, “Tichaongorora moyo uya wakare zvakare.” Zvino paakauongorora, akati, “Haudi oparesheni.” Maona?

<sup>77</sup> Kana moyo yedu ichitipomera, tinoda kudzikinurwa zvizere. Hatidi kuva kereke, yepakati nepakati. Tinoda kuva kereke yemazvirokwazvo kana kuti kusava kereke zvachose. Tinoda kuva Makristu emazvirokwazvo kana kusava Makristu zvachose. Tinoda kudzikinurwa zvakakwana kubva kutsika dzedu, kubva kuzvivi zvedu, kubva kumafungiro edu akaipa, kubva pakuita kwedu kwakaipa, kubva pakushaya hanyin’ a kwedu, chero chipi zvacho chatakaita. Tinoda kudzikinurwa zvakakwana, kuitira kuti kana vanhu vakauya mukereke ino, kuzonamatirwa, pachangova neboka diki rino (zvichida vasingadarike zana, kana maviri) vakagara muno, asi vanenge vari mumaoko aMwari zvizere. Uye patinonamata, ipapo Mwari vanonzwa kubva Kudenga. Mwari vanoda mumwe munhu waVanogona kubata mumaoko aVo, mumwe munhu waVanogona kuti, “Ndine ruvimbo maari. Ndinogona kutumira muranda waNgu uyu, ari kurwara, kuBranham Tabernacle muJeffersonville, uye boka iroro revanhu vari muhumwe.” Chimwe chinhu chinoitika.

<sup>78</sup> Zvakanaka, tarisai muone zvaVanotiitira muchinhano chatiri machiri. Chi chaVaizoita dai taiva nomoyo mumwe uye tiri muhumwe? Nzira yega yatinokwanisa kuita izvozvo, kubatanidza moyo yedu pamwe chete nerudo kuhama, kuteerera vabati vemahofisi mukereke, nemufudzi, uye mufudzi vachiteerera Mwari. Zvadarwo Mwari vanoshanda nemumufudzi, kubudikidza nebhodhi, zvichidzika nokupinda mukereke, zvino tose pamwe chete tiri chinhu chimwe chete kuHumambo hwaMwari. Zvadarwo Mwari vachanzwa, kana tiine boka rakabatana. Ngapashaye chinhu chinokunetsa. Usawore moyo nechinhu chipi zvacho.

<sup>79</sup> Zvino, ndiyo mhando yemunhu uyo Mwari vakatemera kutora nyika. Mosesi aiva akakwana, aiva munhu aisarerutsa. Kana paiva nekunetsana negakava, nezvakadarwo, aisarerutsa. Ndizvo zvinodiwa naMwari kuti tive zvino.

<sup>80</sup> Farao aida kuwirirana, akati, “Mosesi, mose munogona kuenda, uye, asi, munosiya vana venyu, kana kuti mosiya dzimwe mombe dzenyu kuno.”

<sup>81</sup> Ndiyo nzira iyo dhiyabhorosi anoda kuti Mukristu auye nayo. “Zvese zvinenge zvakanaka kuti ujoinhe kereke, asi usambofa wakaregerera Jones. Zvinenge zvakanaka kana ukagona kuunza zvako...kana ukagona kuenda... Hausungirwe kuti usiye kusvuta kwako, kunwa kwako, kunyepa kwako, kuba kwako, kutsvagira vamwe mhosva kwako, makuhwa. Hausungirwe kusiya izvozvo. Ingojoinha kereke.”

<sup>82</sup> Asi Mosesi aisava munhu anorerutsa. Aida rudzikinuro rwakazara. Akati, “Hatisi kuzosiya kana hwanda rimwe chete kumashure. Tiri kutora zvese zviru zvedu, patinoenda kunonamata Ishe.”

<sup>83</sup> Ndiyo nzira yezvinofanira kunge zviru kereke. “Tichatora kururama. Tichatora hutsvene. Tichatora Mweya Mutsvene. Tichatora boka rakabatana pamwe chete patinoenda kuartari. Tichava boka remazvirokwasvo. Hapana chatiri kuzosiya shure. Tiri kutora zvese. Hapasi kuzova nehanda rimwe chete riri kuzosara kuno.” Munoziva, zvino vanhu vanogona kunamata nenzira yekuti dhiyabhorosi anokanda mapfumo pasi.

<sup>84</sup> Ndiyo nzira yakaita Mosesi neboka rake. Vakasvika ikoko vakaenda pasi peRopa. Makacherechedza, kusvikira vaenda pasi peRopa, pakanga pasina kudzikinurwa kwakazara. Mosesi, pachake, aiva akabatanidzwa naMwari, asi Israeri yaive isina. Pakanga pachiiine chivi. Zvino vakanyunyutira Mosesi, uye vakati, “Nhandi, sei uri kudaro? Uri kuunza matambudziko akawedzera patiri.” Nokuti, Farao akangowedzera zvapaketwa kaviri zvidhinha zvavaifanira kugadzira, nezvakadaro. Aiva Mosesi; aiva mumaoko aMwari zvizere, akanyatsa kudzikinurwa zvakakwana kubva pakufudza makwayi, kuti azofudza makwayi aMwari. Aiva akadzikinurwa zvakakwana, iye pachake. Asi vanhu vakanga vasina kudzikinurwa, nokuti pakanga pachiiine kunyunyuta pakati pavo.

<sup>85</sup> Umwe usiku Mwari pavakagadza kuti gwayana rinofanira kuuraiwa, mufananidzo waKristu, zvino ropa rakanyikwa muhisopi, iyo, yaingova sora (remazuva ese, rakaninipa), ndokuiswa pachikumbaridzo chemusiwo nepamagwatidziro, ndipo apo Israeri yakadzikininurwa zvizere, pasina hwanda rimwe chete rakasara shure. Zvese zvaiva zvavo zvakadzikininurwa. Mhuri dzavo, vadikanwa vavo, uye zvinhu zvese zvakadzikininurwa pavakauya pasi peropa zvizere.

<sup>86</sup> Ndipo apo kereke paichadzikininurwa zvizere, kana zvinhu zvese zvauya pasi peRopa. Kana zvivi zvako zvauya pasi peRopa, kana kusvuta kwako, kana kutamba njuga kwako, kana kubiridzira kwako, kana kuba kwako, kana kunyepa kwako, kana zvinhu zvese zvaunzwa pasi peRopa, zvararo panenge paine kudzikininurwa kwakazara. Wakanganisira mumwe munhu, zvigadzirise. Haugone kuunza izvozvo pasi peRopa, hazvigare. Haugone kuzviunza. Chimwe chinhu hachikutenderi kuti

uzviite. Kana iwe pachako waunzwa zvizere, zvakakwana pasi peRopa, panova nekudzikinurwa kwakazara; zvadaro uchava nerusununguko serwausati wakamboziva kumashure. Kana zvinhu zvese zvichinge zvaunzwa pasi peRopa, kuunzwa mukuzviisa pasi peHumambo hwaMwari, ipapo pachange paine kudzikinurwa kwemazvirokwazvo.

<sup>87</sup> Jesu waiva munhu zvizere, zvakakwana. Aigona kuchema semunhu. Aikwanisa kudya semunhu. Aigona kuneta semunhu. Aiva munhu zvizere, zvakakwana, muchimiro chaKe chemunhu. Zvino muMweya waKe, aiva Mwari zvizere, zvakakwana, saka Akaita kuti nyama yaKe ive pasi peMweya waiva maAri. Munoono, Akayedzwa nemhando dzese sesu. Aiva munhu, kwete Ngirozi. Aiva munhu. Aiva nezvishuwo nemiyedzo, sezvatinongoitawo isu. Bhaibheri rakataura kuti Akadaro. Aiva munhu, kwete Ngirozi iri pamusoro pekuyedzwa. VaHebheru 1 yakataura, kuti, “Iye aiva . . .” VaHebheru 1:4 yakati, “Akaiswa pasi peNgirozi zvisihoma.” Aiva munhu, munhu muhuzaro; zvokuti Mwari vakatora munhu akazara, kuunza kudzikinurwa kwakazara, ndokuMuzadza neMweya waVo. Mweya Mutsvene waiva maAri, zvisina chiyero. Uye akayedzwa sezvatakaitwa. Zvino Aiva Mwari muhuzaro. Akazviratidza paAkamutsa vakafa, paAkamisa zvisikwa, makungwa aiwomba nemhepo huru. PaAkataura kumiti, nezvakadaro, zvakaMuteerera. Aiva Mwari, mukati. Zvino Aigona kuva munhu, nokuti Aiva munhu, asi iYe akazvipira pachaKe zvakakwana zvizere (semunhu) mumaoko aMwari, pakushumira Mwari.

<sup>88</sup> Zvino iYe ndiye muyenzaniso wedu. Tiri varume nevakadzi. Tiri Makristuwo zvakare. Kana iYe ari muyenzaniso wedu, isu ngatizvipirei zvizere mumaoko eMweya Mutsvene, kuitira kuti tive vagari vemuHumambo hwaMwari.

<sup>89</sup> Aiva munhu muhuzaro; Aiva Mwari muhuzaro. Asi akapira nhengo dzaKe dzepanyama kune waKe. . .zvino nhengo dzaKe dzepanyama, nekufunga kwaKe pachake, nekuita kwaKe pachake, nezvido zvaKe, uye, “Ndinongoita bedzi izvo zvinofadza Baba.” Hezvoka kwamuri. Akadzikinurwa zvakakwana kubva kuvanhu. Vaprisita vakauya kwaAri, vanhu vakuru, vakati, “Rabhi, *nhingi-nhingi*,” ndokuedza kuMupa chioko muhomwe kuti apinde mumapoka avo nemasangano. Asi iYe aiva akadzikinurwa zvakakwana nokuti aivimba munaMwari.

<sup>90</sup> Nyanduri waMapisarema haana here kuti, “MuchaMudzikinura, nokuti iYe akavimba neNi zvizere”? Maona? “Ndichadzikinura Mudiwa waNgu kubva kuimbwa, nekuti Akavimba neNi.”

<sup>91</sup> Imwe nguva kana tasvika kumagumo erwendo rweupenyu, ndinozvida kune hwangu. Ndinoziva kuti iwe nozvidawo kune hwako. Ndinoda kuti Ati, “Ndichamudzikinura kubva

pamuromo werufu, nokuti akavimba neNi. Ndichamudzikinura kubva kubwiro, pamangwanani erumuko, ndomudzikinura zvakakwana, zvese munhu wemukati, mutumbi, neMweya, nekuti akavimba neNi.”

<sup>92</sup> Mabasa ese aJesu akapedzwa. Zvese zvaiva zvakapedzwa, zvakadzikinurwa, zvakakwana. Akadzikinura zvakazara munhu aiva nemaperembudzi. Akadzikinura zvakazara mudzimai aiva nedambudziko reropa, kubva kudambudziko rake. Akadzikinura nyika zvakazara kubva kuchivi, paAkafa nezuya reyananiso. Akadzikinura zvakazara chivi chose. Akadzikinura Kereke. Saka hapana chikonzero chekuti isu tirarame tiri vanhu vari, pasi pekodzero dzavo. Hapana chikonzero chekuti tirarame tiri muchinhano chekukundwa, nokuti iYe akakunda dhiyabhorosi ndokutora zvose humambo nemasimba, ndokuzviisa pasi petsoka dzaKe, uye hazvina kodzero yepamutemo yekuva nehutongi pamusoro pako. Tiri Makristu, akazadzwa neMweya Mutsvene. Hatifanire kuu- . . . kuti dhiyabhorosi atiudze zvekuita. Kristu akatidzikinura, kudzikinura zvakakwana; kutidzikinura kubva kune zvakaipa, kutidzikinura kubva kuchivi, kutidzikinura kubva kutsika, kutidzikinura kubva mukutaura, kutidzikinura kubva—kubva mukushaya ruremekedzo, kutidzikinura kubva kumhando dzose dzezvinhu zvetsvina. Akatidzikinura zvakazara ndokutiisa mumaoko aKe matsvене; kudzikinura zvizere, zvakakwana.

<sup>93</sup> Akadzikinura hurwere hwedu. Akatidzikinura kubva kuhurwere, nokuti tine gwaro remvumo kwazviri. Hareruya! “Nokuti Akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu, nemavanga aKe takapodzwa.” Ndiye Mupodzi wedu. Ndosaka mudzimai uya anonzvisa urombo, mudiki, aiva neporio, achiedza kuchengeta murume aive ari kufa nekenza, akafamba achipinda muzviyero muHupo hwaMwari. Aiva nekutenda. Zvino iye. . . Vanachiremba vakanga vaita zvese zvavaikwanisa kuita, saka akatevera kuraira kwaMwari ndokubva adzikinurwa zvakazara.

<sup>94</sup> Vadzidzi vaiva nekudzikinurwa kwakazara, chaizvoizvo kudzikinurwa kwakazara. Sei? Nokuti vaiva vakazadzwa zvizere uye zvakakwana neMweya Mutsvene. Kana iwe, nhengowo zvayo yekereke wakakwazisa ruoko rwemufundisi, kana chimwe. . . wakava nekamwe kachiitiko kadiki kekusvetuka, kudanidzira, kana kutaura nendimi, kana chimwe chakadaro; uye uchiine utsinye mumoyo mako, nekuita zvisinganzwisike, kutaura nhema, kusvuta midzanga, kuchiva vakadzi; pane chimwe chinhu chisati chaitika ipapo. Pane chimwe chinhu chakatsveyama. “Nokuti uyo anoda nyika, kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harwusi maari.” Wakanyengerwa. “Nezvibereko zvavo muchavaziva.”

<sup>95</sup> Tese tinoda kubatanidzwa pamwe chete, neMweya Mutsvene. Nhengo yese inofanira kubatanidzwa, mumwe

nemumwe. Rudo rwaMwari runogoverwa mumoyo yedu, neMweya Mutsvene. Rwunotichenesa kubva pakusarurama kwese. Takadzikinurwa kubva kuzvinhu zvepanyika. Jesu akati, “Naizvozvi vanhu vese vachaziva kuti muri vadzidzi vaNgu, kana muine rudo, mumwe kune mumwe.” Kana imwe nhengo ichida imwe nhengo zvakanyanya zvekusvika pakugona kumufira.

<sup>96</sup> Kana chinhu chimwe chete chakaipa chikatanga, nyika yekunze, vamwe vakadzi vanouya vachiti, “Zvino, hona, mudikani. Zvingakuitira zviri nane kana ukaita *izvi*, kana kuita *izvo*, ukapfeka *ichi*, kana kuita *icho*, kana waita *izvi*, zvino wobva wabva paboka iro revaumburuki vatsvene,” kana zvimwe zvakaita saizvozvo, takanyatsobatanidzwa naMwari!

<sup>97</sup> Unoti, “Zvakanaka, Hama Branham, muyedzo wakakurisa.” Asi Kristu akafira chikonzero ichocho. Dhiyabhore akakundwa. Tinoda kudzikinurwa kwakazara. Tinoda kereke isina tsvina yakachena uye isina kusvibiswa, yakagezwa muRopa reGwayana, uye yakazadzwa neMweya Mutsvene, nemashura nezviratidzo neminana. [Chibenga patepi—Mupepeti]. . . kudzikinura munhu wese zvakazara. [Chibenga patepi].

<sup>98</sup> Mwari vanodikanwa, haMutore chinhu kunze kwekunge chadzikinurwa zvakakwana. Hamaikwanisa kugamuchira chipiriso chine chipomerwa pachiri. Hamumbogamuchira munamoto, kana paine chivi kumashure muhupenyu hwemunhu iyeye. Hamaingambokwanisa kuzviita, Ishe. Hamuna kuzviita mumazera akapfuura, uye haMugone kuzviita nhasi. Asi chipiriso chinofanira kunge chisina chipomerwa. Ishe Mwari, patiri kuzviisa paartari, hupenyu hwakapiriswa, bvisai patiri, O Ishe, zvipomerwa zvose zvechivi. Ndinoisa munhu wangu wemukati zvakazara, nemutumbi wangu, nesimba rangu, kushingaira kwangu, pamwe nekereke ino mangwanani ano, paartari. Tichenesei neRopa reNyu, uye mutiregerere chivi chese chatakaita. Uye dai Mweya Mutsvene wanyatsa kugara matiri zvakapfuma, uye Hupo hwaKe huende nesu kubva patabhanakeri ino mangwanani ano, kuti tigoziva nematiri kuti Vatiiregerera. Zvadaro munamoto uchava, “Tiregerereiwo kudarika kwedu sokuregerera kwatinoita avo vanotitadzira.” Zvitenderei, Ishe.

<sup>99</sup> IVaiwo pedyo nesu zvino, tiropafadzei nekutichengetedza kusvika tasangana zvakare pashumiro yemanheru. Dai tauya nemaoko akachena nemoyo wakachena, izvo zvaMusingazofuratira, nokuti tinoda kudzikinurwa zvizere uye kwakakwana kubva kune chinhu chipi zvacho, Ishe, chingatidzivisa kuti tisava chiedza chenye; mwenje uri pachikomo, chisina kukwidibirwa nedengu, asi mwenje wakaiswa pamusoro pechikomo, unopa chiedza chekutungamira vanhu panzira yakanaka. Zvitenderei, Baba. Tazvikumbira nemuZita raJesu, uye kuitira Kubwinya kwaKe. Amen.

<sup>100</sup> Ndiri kuzokumbira Doc. . . Ndinofunga kuti ari kumashure uko, kana mumwe wemadhikoni aripo. Kuti kereke igokwanisa kuverenga izvi, Doc, huya uise izvi pabhodhi rezviziviso kuitira kuti kereke ikwanise kuzviona pavanenge vachibuda. Uyezve Hama Collins, kana vari pano . . . Hama Collins vari muno here? Vapei rimwe iri.

<sup>101</sup> Zvino, zvakanaka, changamire, zvino tichaona izvo. . . [Hama Branham vanombomira zvisoma vachiverenga chinyorwa chinyararire—Mupepeti.] Mumwe munhu ari kuda nhaurirano. Izvi zvinogarotendedzwa. Tinofara.

Zvino ndine nhaurirano nevanhu. Munoono, chinhu chamunoiita kufona panhamba dzedu kunze uko. Ta—takava nedambudziko guru kumba uko, kereke inozviziva. Ava vaenzi. Kereke inoziva nezvazvo. Panofanirwa kuva nekachidimbu kakaiswa. . . Ndichaita kuti kaiswe muno mukereke, zvakare, kuitira vachauya. Munoono, pane vakawanda, zvokuti hatikwanise kuvabatsira vose, pavanongouya nenhamba. Maona? Zvino isu. . . Kana mukangofona BUTler 2-1-5-1-9, BUTler. [Nhamba dzefoni dzakachinjwa.—Mupepeti.] Zvino kana chero imwe nhengo ikaona munhu anenge achida, mufaro wangu nguva dzose kuona vanhu. Asi tine hurongwa hwemazuva ose. Pane vamwe vakatofona nechekare, vakawanda, munoono. Zvino tinongouya, mumwe nemumwe, patinouya. Zvadaro pane. . . Taisimboita zvokuti, taingova nemaitiro asina kurongeka, nzira ipi zvayo, kuchirika, kutomuka, vanhu vaienda kumba vasingafare nezvese. Iye zvino vave nezvinhu zvese muhurongwa. Uye ndizvo zvatiri kuedza kutaura pamusoro pazvo zvino, munoono, kuisa zvinhu zvese muhurongwa, zvakanatsokwana.

Zvino ndichafara kuona boka rinodikanwa iri, kana vakangofona bedzi BUTler 2-15-19 (1-5-1-9), zvino VaMercier kana VaGoad, mumwe chete, achadavira foni vokuudzai chaipo paunokwanisa kuva nemukana wako. Tine nzvimbo kunze uko, ine chifefedzo, yakagadzirira kugamuchira vanhu nekuvanamatira. Tinogofara bedzi kuzviita.

<sup>102</sup> Zvino, chikonzero sei ndisingauye kukereke, vanhu vanofunga kuti ndinoedza kutiza vanhu; handizvo. Ndiri kuedza ku—kunyatsa kunge ndiri muhurongwa. Maona? Ndzivo zvandinoda kuva, kuti pasangoratidzwa ruremekedzo kumunhu. Munhu wega-wega, chero munhu, kupi zvako, chero nguva ipi zvayo, munoono; ruvara, chitendwa hazvinei nechekuita nazvo. Tinouya ipapo chaipo tosangana nevanhu. Zvino kana vaine chavanotsvaga, tinoramba tiri pana Mwari kusvikira zvagadziriswa. Kana vachida kuziva chimwe chinhu pamusoro pemisangano, ndizvozvo, tinoshanda nazvo tozviisa mufaera. Kunongova kutungamira kweMweya Mutsvene. Uye izvozvo. . . Nenzira iyoyo, ndinofunga kuti zvinongova,

zvinoitira munhu wese zvakangofanana. Naizvozvo, hapana ruremekedzo kumunhu, hapana ruremekedzo.

<sup>103</sup> Pane here vanhu vauya kuzonamatirwa, mangwanani ano, vanga vachirwara uye vachida kuzonamatirwa? Zvakanaka. Hapana.

Zvino ngatiimbei nziyo yakanaka kuitira . . .kuti tinamate. Tingaimbei mangwanani ano? “Chii chingabvisa chivi changu?” Unoiziva, Teddy? “Hapana chimwe kunze kweRopa raJesu.” Chii chinogona . . .

[Imwe hanzvadzi muungano inotaura pamusoro pemukadzi ari kurwara zvikuru—Mupepeti.] Zvakanaka, changamire. Munoda kumunamatira izvezvi?

Ndave kunonamatira mudzimai uyo. Isai maoko pamusoro pemudzimai uyu pano. Mungakotamisa musoro wenyu pamweneni, zvararo, chinyararire zvino. [Hama Branham vanosiya maikirofoni yepapurupiti—Mupepeti.]

<sup>104</sup> Mwari vanodikanwa, pane mudzimai ari kurwara zvikuru. Hanzvadzi yedu yasimudzira mutumbi wayo, kunyange kutora kenza kubva kune vamwe, kumira mumukaha, kuitira vamwe. Asi Makavadzikinura kubva panaizvozvo, Ishe, mazuva mashoma apfuura, zvinhu izvozvo pazvakazivikanwa. Chingoitai kuti vazvione, pachavo, zvararo, Ishe, vachazoziva kuti zvinobva kwaMuri. Ndinoisa maoko angu pamusoro pavo, ndichikumbira tsitsi pamusoro pemumwe mudzimai uya wavakamiririra. Dai nyasha dzaMwari, Simba reMweya Mutsvene. . .Kana paine kuipa kupi zvako mumoyo yedu, Ishe, zvizarurirei kwatiri, kutanga, zvino tichaenda, tonozvigadzirisira. Zvararo tichaziva kuti tine fevha naMwari, tine rugare naMwari, tinowana zvatinokumbira, nekuti hatina chinotipomera. Zvitenderei, Ishe. NemuZita raJesu ndinonamata. Amen.

Zvakanaka. [Hama Branham vanodzokera kupurupiti—Mupepeti.]

Chii chingageza chivi changu?  
Hapana chimwe asi Ropa raJesu;  
Chii chingandikwanisa zvakare?  
Hapana chimwe asi Ropa raJesu.

Oh, kuyerera kunokosha kwazvo  
Kunondichenesa semazaya echando;  
Hapana rimwe tsime randinoziva,  
Hapana chimwe asi Ropa raJesu.

<sup>105</sup> Vangani vanonzwa kuti zvivi zvenyu zvese zviri pasi peRopa? Ngatiimbei takasimudza maoko edu zvino.

Chii chingageza chivi changu?  
 Hapana chimwe asi Ropa raJesu;  
 Chii chingandikwanisa zvakare?  
 Hapana chimwe asi Ropa raJesu.

Zvino patiri kudzikisa maoko edu, ngatigwinhanei chishanu kwese zvako.

Kwakakosha . . .

Ndizvozvo, kwese kwakapoteredza.

. . . kuchenesa semazaya echando;  
 Hapana rimwe tsime randinoziva,  
 Hapana chimwe asi Ropa raJesu.

MunoMuda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]  
 Amen.

Oh, ndinoda Jesu zvakanyanya,  
 Oh, ndinoda Je- . . .

Zvino gara narwo, zvino. Munhu wese batirira pana Mwari.

Ndinoda Jesu zvakanyanya,  
 Nekuti iYe wakatanga kundida.  
 Handingambosiya . . .





*KUDZIKINURWA KWAKAZARA* SHO59-0712  
(A Total Deliverance)

Mharidzo iyi nehama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 12 Chikunguru, 1959, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2018 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)